



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE NOUYOKÈ YO RETE AN SEKIRITE EPI
PREPARE POU OGMANTASYON TANPERATI A ATRAVÈ ETA A**

Gouvènè a Òdone Pak Eta yo pou Ofri Orè ki Pwolonje nan Etablisman Ki Gen Pisin yo

Yo Prevwa Tanperati yo Ap Rive Pi Wo Pase 90 Degre nan Rejyon Sid Eta a e yo Ka Afekte Sante ak Sekirite Granmoun Aje ak Timoun Piti yo Pwofondeman

Gouvènè Andrew M. Cuomo te alète New York pou rete an sekirite pandan yo prevwa tanperati ki wo nan tout eta a. Endis Chalè (Heat Index Values) a ap rete pi wo pase 90 degre yo, kote endis chalè ki pi wo kap genyen yo ap nan apre midi. Pou ede Nouyokè yo rete fre, Gouvènè a te òdone Biwo Leta pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la (State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), pou yo elaji orè travay nan etablisman leta ki gen pisin yo ak nan lòt pak leta yo pandan vag chalè aktyèl la, pou ede Nouyokè yo rete fre. Orè travay alonje yo ap kòmanse apati de jodi a, 19 Jiyè epi lap kontinye jiska jedi 21 Jiyè. Yo te pibliye Konsèy pou Chalè pou konte Westchester, Rockland, Vil New York, Nassau ak Suffolk, ki anvigè apati 11 è a.m. maten an rive 6 è p.m. jedi. Endis Chalè a ap rete pi wo pase 90 degre yo, kote endis chalè ki pi wo kap genyen yo ap nan apre midi.

“Yo prevwa pou tanperati yo monte nan Vil New York, Hudson Valley, ak Long Island, e pou asire sekirite tout Nouyokè, mwen te òdone pak nan rejyon ki afekte yo pou pwolonje orè pisin ak plaj yo nan tout eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan konsèy pou chalè yo ap kontinye, mwen ankouraje chak moun pou rete enfòme sou klima lokal ou, pran mezi ki nesèsè pou pwoteje tèt ou ak pwòch ou yo kont chalè a, epi pwofite de estasyon frechè ki ka disponib nan zòn ou a”.

Endis Chalè yo ka pi wo pase 90 degre yo jodi a ak demen, ak endis ki pi wo yo ki ka pase pandan apre midi yo. Yo ka pibliye yon Konsèy pou Chalè lè yo prevwa konbinezon chalè ak imidite pou fè ou santi l tankou li a 95 a 99 degre pou de jou oubyen plis jou konsekitif, oubyen 100 a 104 degre pou nenpòt dire tan.

Pou asire ke tout Nouyokè rete fre, plaj ak pisin sa yo ap pwolonje orè yo:

Rejyon Mid-Hudson

- Pisit Bear Mountain ap pwolonje orè naj li jiska 6:30 è p.m.

- Pisin Rockland Lake ap rete ouvè jiska 6:45 è p.m.
- Plaj Lake Welch ap rete ouvè jiska 7 è p.m.
- Pisin Pak Eta FDR ap rete ouvè jiska 6:30 è p.m.
- Plaj Lake Taghkanic ap rete ouvè jiska 7 è p.m.

Vil New York

- Yo pral ajoute awozwa nan Pak Leta Gantry Plaza ki nan Queens ak Pak Leta East River ki nan Brooklyn

Long Island

- Plaj bò lanmè nan Jones Beach, Robert Moses, Sunken Meadow ak Pak Leta Hither Hills, ak pisin nan Jones Beach West Bathhouse, ap rete ouvè jiska 8 è p.m.
- Naj nan Plaj Sound, Wildwood ak Orient Beach ap pwolonje jiska 7 è p.m.
- Pisin nan Pak Eta Montauk Downs ap rete ouvè tou jiska 7 è p.m.

Aktivite lanaj yo kapab afekte akòz kondisyon metewo ki danjere oubyen dlo ki ap chanje toutan yo. Tanpri vizite sitwèb Pak Eta yo, sou www.nysparks.com oubyen rele pak lan dirèkteman pou ka konfime diisponibilite.

Rose Harvey, Komisè Pak Eta yo (State Parks), te di, “Plaj ak pisin nan pak eta yo ofri pi bon kote pou rete fre lè endis chalè a ogmante. Mèsi Gouvènè Cuomo paske ou ofri plis opòtinite pou fanmi yo amize yo anplennè alez”.

Greg Olsen, ki se Direktè Pwovizwa Biwo pou Vyeyès la (New York State Office for the Aging), te di, “Chalè ak imidite ekstrèm ka grav, e yo ka patikilyèman danjere pou granmoun. Granmoun yo, espesyalman sila yo ki pa gen gwo mwayen, kap viv pou kont yo, e ki gen pwoblèm kwonik oubyen kap pran kèk medikaman, gen plis chans pou fè maladi ki lye ak chalè. Pandan mwa sezon ete yo, vwazen ak manm fanmi yo dwe verifye granmoun yo chak jou pou asire ke yo an sante e an sekirite”.

Komisè Depatman Sante a Doktè Howard Zucker te di, “Alòske peryòd gwo chalè ak imidite yo pa yon sipriz pandan mwa sezon ete yo, ekspozisyon pwolonje oubyen entans nan tanperati ki cho yo ka afekte sante e nou dwe pran sa oserye. Mwen ankouraje tout Nouyokè yo pran prekosyon pou sekirize yo kont kout chalè epi pou enfòmè de sentòm maladi ki lye ak chalè yo pou ou ka reponn kòm sa dwa si ou menm oubyen yon moun ou konnen fè eksperyans pwoblèm sante ki lye ak chalè”.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Dijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Roger L. Parrino, Sr., te di, “Yo prevwa pou tanperati nan rejyon sid eta a yo grenpe nan fason ki enpòtan semèn sa. Pran prekosyon pou pwoteje tèt nou kont chalè, espesyalman ou menm kap travay deyò, ki genyen timoun piti oubyen ki gen pwoblèm sante. Sa ki pi enpòtan, se pou ou yon bon vwazen epi voye je sou zanmi ak vwazen ki granmoun ak sila ki gen bezwen espesyal yo”.

Moun ki gen plis risk lè tanperati yo wo se granmoun ak timoun piti, sila ki gen pwoblèm pwa ak alkòl yo ak moun kap pran kèk medikaman.

Sant frechè yo ap ouvri jodi a ak demen nan Vil New York. Pou w jwenn sant frechè ak orè operasyon yo, rele 311 oubyen vizite: www.nyc.gov/beattheheat. Pou adrè sant frechè atravè eta a, vizite: www.health.ny.gov/environmental/weather/cooling/index.htm.

Konnen Siy Efè Sante ki Lye ak Chalè yo

Kout Chalè: Kout-Chalè: Ki rele kout-solèy tou, kout-chalè kapab menase lavi moun. Tanperati kò a kapab ogmante ak lakòz domaj nan sèvo; ka gen lanmò si moun nan pa refwadi byen vit. Kèk nan siyal yo se po ki cho, wouj ak sèk; chanjman nan konsyans; batman kè rapid, ak respirasyon kout. Yon beny fre oswa eponj fre kapab bay soulajman ak bese tanperati kò a.

Fatig Chalè: Fatig Akòz Chalè: Menmsi li mwen danjere pase kout-chalè, fatig akòz chalè reprezante danje pou sante a, epi li fèt pi souvan lè moun yo fè egzèsis fizik ki twò difisil oswa lè yo travay nan kote ki cho ak imid kote yo kò a pèdi likid. Kèk nan siyal yo se po frèt, imid pal oswa wouj; swe anpil; maltèt; kèplen oswa vomisman; vètij ak gwo fatig. Si viktim nan gen sentòm, retire li nan solèy la, epi pase twal frèt ki mouye sou li.

Kout-Solèy: Kout-Solèy: Kout-solèy ralanti kapasite po a pou refwadi poukont li. Kèk nan siyal yo se po kò wouj ak doulè; nan pifò ka yo, po moun nan kapab vin anfle, moun nan kapab gen zanpoul, lafyèv ak maltèt. Pomad kapab yon soulajman pou doulè nan pifò ka yo. Ou ta dwe wè yon doktè nan ka ki grav yo. Pou pwoteje tèt ou, mete filtè solèy ki gen yon faktè kalite siperyè pwotektè kont solèy la ki klase (SPF) omwen 15. Toujou re-pase filtè solèy la apre peryòd ou swe anpil oswa natasyon.

Lakranp Chalè: Lakranp Chalè: Doulè miskilè ak lakranp moun genyen souvan akòz gwo egzèsis. Pèt dlo ak sèl nan transpirasyon lakòz lakranp. Siyal yo se doulè nan miskilati abdomèn ak janm yo. Ou ka jwenn soulajman nan fè gwo presyon sou misk ki gen lakranp yo, oswa masaj dousman pou soulaje lakranp lan. Sonje pou idrate souvan pandan w ap fè egzèsis oswa pandan w ap travay deyò.

Fedchalè: Fedchalè: Iritasyon po a ki sanble ak gwoup ti bouton wouj oswa ti zanpoud. Eseye mennen moun nan yon kote ki fre, kite kote ki afekte a sèk, epi fè moun nan itilize poud-de-talk pou li jwenn plis konfò.

Konsèvasyon Enèji

- Blakawout yo pi ka rive lè li fè cho, kote yo itilize sèvis piblik yo pi plis. Pou evite mete yon kontrent sou rezo kouran an, ekonomize enèji pou ede evite blakawout yo.
- Mete tèmosta è-kondisyone ou sou 78 degre. Itilize è-kondisyone a lè ou lakay ou.
- Etenn aparèy ki pa esansyèl yo, itilize sèlman aparèy ki gen gwo chaj elektrisite bonè nan maten oubyen ta aswè.

Pou plis enfòmasyon, vizite: www.health.ny.gov/environmental/emergency/weather/hot oswa www.dhses.ny.gov/oem/safety-info/publicsafety/heataware.cfm. Pou resevwa alèt meteyo dènye minit nan zòn ou, enskri pou resevwa yo gratis jodi a nan www.nyalert.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418